Пролетарру дунэй псом тетхэ, фызэгухьэхэ!

ЧЕРКЕС

ПЛЪЫЖЬ

ВКП(б)-м и Черкесскэ обкомым, гурщIэрыпсэухэм и депутатхэм и Облсоветым, горкомым и оргэщ

№ 138 (2365) | Махуэку. ноябрым и 30-м 1944 гъ. | И уэс. кI. 20

И лэжьыгъэшхуэхэм я ехъулIэныгъэхэр зыгъэмахуэшхуэф партиям хуэдэщ дэ диIэр. Къэрал кIуэцIми абы адэжкIи къыщыхъу сытхуэдэ гугъуехьмикI, шынагъуэмикI зи большевистскэ щхьэр зэфIимыгъащIэ партиям хуэдэщ дэ диIэр.

С. КИРОВ.

Верховнэ Главнокомандующэм и ПРИКАЗ

Советскэ Союзым и Маршал ТОЛБУХИНЫМ

3-рей УКРАИНСКЭ фронтым и дзэхэр, наступленнем хуэуэхьIэрэ, ДРАВА псым и ищхъэрэIуэкIэ ДУНАЙ зэпырыкIахэщ, ДУНАЙ и къухьэпIэ Iуфэм дежи бийм и оборонэр пхытхъащ икIи, ипэкIэ километрэ 40 кIуатэхэри, пхатым и фронтым километри 150 икIыхьэгъуэ зырагъэубгъуащ.

Наступление здырагъэкIуэкIым фронтым и дзэхэм Венгрим и территориим къыщащтащ городхэу икIи коммуникация зэхьтъэпIэхэу ПЕЧ, БАТАЖЕК, МОХАЧ, икIи зауэлэ къащтащ нэгъуэщI къуажэ 330-м щIигъу.

ДУНАЙ щызэпырыкIхэм икIи бийм и оборонэр щыпхатым щIигъуэ екIуэкIа зауэхэм дежи нэхъ щапхъэфIхэр къагъэлъагъуэхэщ генерал-лейтенант ШОРОХИН, генерал-майор СИМЕНКО, генерал-майор КРАВЦОВ, генерал-майор БЛАГОДАТОВ, генерал-лейтенант КОСТА НАДЖ и югославскэ корпусым, полковник ПЕТРУШИН, генерал-майор ДРЕЙЕР, генерал-майор ЛАЗАРЕВ, генерал-майор КОЗАК, полковник АХМЕДЬЯРОВ, генерал-майор КУЛИЖСКИЙ, полковник ГОРЕНКО, полковник СЫЧЕВ, генерал-майор ЦВЕТКОВ, подполковник САВИЧ сымэ я дзэхэм; артиллериим и генерал-полковник НЕДЕЛИН, артиллериим и генерал-майор БРЕЙДО, полковник ГЛУШКОВ, полковник ГЛАДКОВ, полковник ГОНЧАРОВ, полковник УСИК, подполковник ШПЕК, подполковник РАХЛИН, майор СЕЛЕЗНЕВ, подполковник СНЫТИН, подполковник НИЗКОВ сымэ я артиллеристхэм; полковник ПШЕНЕЦКИЙ, полковник ВЬЯЛОВ, подполковник МУХИН, подполковник ДВОРКИН, майор КАТИЛОВ, подполковник ШЕВКИН сымэ я танкистхэм; авиациим и генерал-полковник СУДЕЦ, авиациим и генерал-лейтенант ТОЛСТИКОВ, авиациим и генерал-майор БЕЛИЦКИЙ, полковник СМИРНОВ, подполковник ЧИТИЛИН, авиациим и генерал-майор ТИЩЕНКО, полковник НЕДОСЕКИН, полковник ИВАНОВ сымэ я летчикхэм; инженерыдзэхэм я генерал-полковник КОТЛЯР, полковник НОМИНАС, подполковник РЫБАЛЬСКИЙ сымэ я сапперхэм; связыдзэхэм я генерал-лейтенант КОРОЛЕВ, полковник СТАРОЛЕТОВ сымэ я связистхэм.

Къэдгъэща хъуэ текIуэныгъэхэр гъэтэпIэным щхьэкIэ ДУНАЙ псым зэпырыкIныгъэмрэ бийм и оборонэр пхытхыныгъэмрэ дежи нэхъ щапхъэфI къэзыгъэлъагъуэ соединениехэмрэ частхэмрэ „ДУНАЙСКЭХЭЩ" жуэ щIэхэр щIыну икIи орденхэр награду иратынхэу гъэувыну.

Нобэ, ноябрым и 29-м, сихьат 21-м дежи Родинэм и цIыхубэ МОСКВА Родинэм и щIэкIэ салют яретыр, ДУНАЙ псым зэпырыкIа икIи бийм и оборонэр пхызытхъэ 3-рей Украинскэ фронтымрэ генерал-лейтенант КОСТА НАДЖ и югославскэ корпусымрэ я дзэ лIыхъужьхэм,—топ тIэщIрэ тIощIрэ плIырэр тIощIрэ зэдзэузэкIэрэ.

Зауэм фIагъыр хэлъу зэрырагъэкIуэкIам щхьэкIэ, фэщIэлъ дзэхэу, ДУНАЙ псым зэпырыкIныгъэмрэ икIи бийм и оборонэр пхытхъныгъэмрэ хэтахэм, псоми ящIэ яхузощIыр.

МыкIуэдыжыну щытхъу ди Родинэм и хуитыныгъэмрэ и ар зыми емыпхауэ щытыныгъэмрэ щIэзэуэкIэрэ, зи щIэр зыта лIыхъужьхэм!

ИрелIэ немецкэ зэрыпхъуакIуэхэр!

Верховнэ Главнокомандующэ Советскэ Союзым и Маршал
И. СТАЛИН.

Ноябрым и 29-м 1944 г.

г. ЧЕРКЕССК

Черкесскэ райвоенком капитан ЗИЗДОК

2-рей частым и начальник административнэ службэм и старшэ лейтенант СТАСЕВСКЭМ

СССР-м и хъумэныгъэм щхьэкIэ сом мини 10504 ахэзыдза Черкесскэ райвоенкоматым и призывхэм си боевой сэлэмрэ Краснэ Армиям и фIыгуэпэрэ схуэйфтыж.

И. Сталин.

СОВЕТСКЭ ИНФОРМБЮРОМ КЪЫБГЪЭДЭКIЫУ

Ноябрым и 28-м и оперативнэ сводкэ

Ноябрым и 28-р екIуэкIыхункIэ Чехословакиим и щIыгум дежи дзэхэм зауэкIэ къащтахэщ къуажэ 60-м щIигъу, абыхэм ящыщхэщ СВИДНИЧКА, ВОЧИШНИЙ, СВИДНИК, СТРОЧИН, СТРОПХОВ, БРУСНИЦА, ПЕТРОВЦЕ, КОШАРОВЦЕ, ЖАЛОБИН, СТРАЖСКЕ, БАНОВЦЕ, ЛОЖИН, МАЛЧИЦЕ, СОМОТОР, СТРЕДА НА БОДРОГЕ, МАЛЫЙ икIи ВЕЛИКИЙ КЕВЕЖД, гъущIгъуэгу станцхэу СТРАЖСКЕ, БАНОВЦЕ, СОМОТОР.

Венгриим и щIыгум дежи, город НЬИРЕДЬХАЗА и ищхъэрэIуэкIэ, дзэхэр ТИССАпсым зэпырыкIхэри, зауэкIэ къащтащ къуажэхэу ЗЕМПЛЕНАГАРД, ОРХЕДЬ, ДАМОЦ, ЛАЦА, КИШ РАЗВАДЬ, НАДЬ РАЗВАДЬ, РИЧЕ, ЦИГАНД, ПОЦИН, ЛУКА, КАРАД, ВИШ, ЗАЛКОД, КЕНИЕЗЛЕ.

Фронтым и адрей участкхэхэм—разведчикхэр плъэкIуахэщ икIи щIыпIэ гуэрхэмикI щIыпIэ мыхьэнэ иIэу зауэ щекIуэкIащ.

Ноябрым и 27-м и кIуэцIкIэ дзэхэм зэтыракъутахэщ немецкэ танк 32.

Ноябрым и 29-м и оперативнэ сводкэ

3-рей УКРАИНСКЭ фронтым и дзэхэр, наступленнем хуэкIуэхэкIэрэ, ДУНАЙ псым зэпырыкIахэщ ДРАВА псым ищхъэрэIуэкIэ, ДУНАЙ псым и къухьэпIэ Iуфэм дежи бийм и оборонэр зэпхатхъащ, икIи ипэкIэ километрэ 40 кIэ кIуатэхэри, фронтым и пхытхъныгъэм километрэ 150 кIэ зырагъэубгъуащ.

Фронтым и дзэхэм наступательнэ зауэ ирагъэкIуэкIам къыхэкIэ, къащтащ городхэу икIи коммуникацие зэхьтъэпIэ инхэу ПЕЧ, БАТАЖЕК, МОХАЧ, зауэкIэ кащтахэщ нэгъуэщI къуажэ 330 м щIигъу, абыхэм ящыщхэщ мы къуажэщхуэхэр БАТА, ШОМБЕРЕК, ЛАНЬЧОК, ДУБОШЕВИЦА, БАТИНА, ЗМАЕВАЦ, КНЕЖЕВИ-ВИНОГРАДИ, ЛУГ, ДАРДА, МОРАДЬ, ВЕМЕНД, ХЕМЕШХАЗА, ЛИПТОД, НЕМЕТ-БОЛЬ, ХЕРЦЕЧ ТЕТЕШ, БЕЛИ, МАНАСТИР, ЯГОДНЯК, АЛЬШО-МАНА ХЕКЕД, АЛАМ-ВАРАШД, КАТАЙ, ПЕЧУДВ АРД, ВИЛАНЬ, ХАРШАНЬ, БЕРСМЕНД, БОЛМАН, гъущIгъуэгу станцхэу МОРАДЬ, БАТА, ПАЛАБОЖОК, ХЕКЕД, НЕМЕТ-БОЛЬ, ВИЛАНЬ-ХАРШАНЬ, БЕРЕМЕНД, ШИРИНЕ, БЕЛИ МАНАСТИР, ЗМАЕВАЦ, БАТИНА, ЧЕМИКАЦ, ДАРДА.

Фронтым и адрей участкхэхэм—разведчикхэр плъэкIуахэщ икIи щIыпIэ гуэрхэмикI щIыпIэ мыхьэнэ иIэу зауэ щекIуэкIащ.

Тракторипщ1 комиссиям къищтащ

ЕхъулIэныгъэ хэлъу йокIуэкIыр тракторхэр ремонт щIыжыныгъэр Икон - Халковскэ МТС-м и кIуэцIкIэ, 4-рей кварталым ремонт ящIыжын хуеяр трактор 15-м щыщу трактори 10 ремонт ящIыжагъэхэщ икIи ахэр комиссиям ищтащ.

Машинно-тракторнэ мастерскоим и лэжьакIуэхэм махуэ къэсыхункIэ нормэм шIырагъэгъуэр. ЩапхъэфIхэр къагъэлъагъуэ малажьэхэр тракторхэр ремонт щIыжыныгъэмкIэ гъукIэ тов. Гутякулов, моторист т. Лагунов, слесарь т. Аксенов сымэ. Мыбыхэм мэхуэ нормэр процентыр 125—200 ягъэзащIэхэр. Слесарь т. Остроухов езым и закъуэ моторитху ремонт ищIыжащ, нормэр процентыр 160 ягъэзащIащ. Тракторхэр ремонт щIыжыныгъэмкIэ и лэжьыгъэр фIыуэ къызэригъэпэщащ 10-рей тракторнэ бригадэм и бригадир т. Джилкишиев Махмуд. Тракторхэр щIымахуэм ремонт щащIыным щхьэкIэ пхъащIэ т. Каплий, Евтушенко сымэ гаражыр фIыуэ зарагъэпэщыжащ.

Р. Гедыцкий,
МТС-м и партгранизациим и секретарщ.

Псыжь МТС-м тракторхэр ремонт щIыжыныгъэр елъахъэр

Псыжь МТС-м ехъулIэныгъэ хэлъу ягъэзащIауэ щытащ мыгъэм гъатхэм тракторхэр хуэгъэхьазырыныгъэр. Ауэ ящIэ абхуэдэкIым Псыжь МТС-м и Iуэхур зытетыр. Нобэр къызэлэсым зы тракторикI хьэзыр хуэуэ мастерскоим къащIэкIакъым.

Тракторхэр ремонт щIыжыныгъэр зылъахъэр мы Iуэхугъуэщхуэм МТС-м фIыуэ зызэрыхуэмыгъэхьазырарэщ. КIыщым щхьэкIэ фIамыщI ящIыркI яIэкъым икIи ар къэщта хъуныгъэм зырикI пылъкъым.

МТС-м щылажьэ трактористхэр щыпсэуну общежитие къызэрагъэпэщакъым. Абы къыхэкIкIэ трактористхэр километраблкIэ я дежи кIуэжыну хуей махуэхэр махуэ къэсыхункIэ. Общежитиер къыщызарамыгъэпэщым щхьэусыгъуэу хуащIыр гъуэлъапIэ ямыIэу арэщ. Абхуэду зэкIэлъэмыкIуэщ рабочэхэр зыщылажьэ мастерскойхэркI. Щхьэгъубжэ, бжэ яхэлъкъым, жыр щызэрехуэр. Пешхыкэу яткым. Завхозым а псоркI елъагъур, ауэ зыркI ящIэкъым.

Сыт МТС-м и гугъэр? Абхуэду куадрэ ящыну?

Куэд щIэкъым МТС-м и лэжьакIуэхэм я зэIущIэ зэрызэхэтхэр. Ар тепсельыхьащ Богословскэ МТС-м и лэжьакIуэхэм я обращением. ЗэIущIэм къекIуэлIахэм бжыгъэ зыбжанэ хуащIа тракторхэр ремонт щIыныгъэр ящIэкIэ гъэкIуэтэн хуейр.

ТекIуэныгъэр псынщIу къэгъэсыным щхьэкIэ

Товарищ Сталин советскэ цIылым и лэжьакIуэхэм уасэщхуэ хунщIам нахърикI хигъэхъуащ Малый Зеленчук къуажэм дэт „Пролетарий" колхозым и колхозахэтхэм я къарур. Товарищ Сталин и докладыр колхозхэт псоми яджащ. Абы и жэуапу колхозхэтхэм обязательствохэр къащтахэщ нэхърикI нахъыфIыжу лажьэнхэу.

Колхозхэтхэр нормэм щIырагъэгъуэну малажьэхэр. Ахэр я къару еблэжхэкъым немецкэ-фашистскэ зэрыпхъуакIуэхэм ятекIуэныгъэр псынщIу къэгъэса хъунымщхьэкIэ. Колхозхэтхэу Братхэ Шамрэ Мамбетхэ мэтэрэ центнер хырых махуэ къэсыкункIэ кыдачхэр. Абхуэду щапхъэфIхэр къагъэлъагъуэ хэу мэлажьэхэр адрей колхозхэтхэркI. Фронтым, къэралым нэхърикI фIыуэ дыIэпыкъуным щхьэкIэ колхозхэтхэр я къару емыблэжхэу мэлажьэхэр.

М. Шаков.

ВОЖДЫМ И ДОКЛАДЫР ЯДЖЫР

Товарищ Сталин и приказымрэ докладымрэ яфIэщу яджыр Икон-Хьалъкъ районым и еджапIэхэм я егъэджакIуэхэмрэ еджакIуэ цIыкIухэмрэ.

— Товарищ Сталин уасэщхуэ хуещIыр советскэ интеллигенциям и лэжьыгъэм. Ауасэщхуэм и жэуапу нэхърикI нэхъыфIыжу дылажьэнщ дызIут Iэнатэм дежи, еджакIуэ щIыкIухэр Ленинрэ Сталинрэ я Iуэхум гукIи псэкIи етхэу тIощIыхьащ,—жаIащ егъэджакIуэхэм.

К. Ахтов.

С. М. Киров зэраукlрэ илъэси 10 мэхъур

Илъэсипщl нужькlэ, декабрым и 1-м 1934 гъэм, фашизмым и уналут нэлашщэм и щэ... урыс ... ургъурсызым ихьащ урыс на... Ленинград родым и къуэ ин, Ленинградскэ большевикхэм я руководитель, Сергей Миронович Киров.

ВКП(б)-м и ЦК-м гущlыхьэ щыхъуауэ, партиям, рабочэ классым гуащlэрыпсэу псо мыкl хъыбар ярыгъэщlащ ВКП(б)-м и Центральнэ икlи Ленинградскэ комитетым и большевистскэ секретарь, партиям и политбюром и член С. М. Киров зэраукlамкlэ. „Центральнэ Комитетым и фlэщ мэхъур—жиlэт обращением,—товарищ Киров и фэеплъыр, пролетарскэ революцием щlэзэуныгъэмкlэ, СССР-м социализмэр щыхуэныгъэмкlэ мышынэжу, емызэшыжу абы и лэжьыгъэ хьэлэмэтым нэхърикl тыригъэгушхуэнщ пролетар мелуан куэдхэмрэ гуащlэрыпсэу псохэмрэ социализмэр дэ ялэкlэ текlуэнылнэмэр дэ ялэкlэ текlуэныгъэмкlэ, рабочэ классым и бий псорикl къанэ щымыlэу гъэкlуэда хъуныгъэмкlэ".

Киров партиям фlыуэ илъагъут. Ар советскэ народ псо гъут. Ар зэмыкl фlыуэ ялъагъут. Ар зэраукlамкlэ хъыбарыр дэ къэралым гущlыхьэ щыхъуащ. Кlэ имыlэжу Ленинград и гуащlэрыпсэухэр Киров и бэным екlуалlэхэт, фlыуэ ялъагъу я руководателыр, я ныбжьэгъур ялъагъуэжыну. Киров и хьэдэр столицэм щашэжым щыгъуикl абхуэду кlэ имылэжу Москва псорикl абы и бэным екlуалlэхэт.

Дэ къэралым и гуащlэрыпсэухэм Киров и цlэр фlащащ городхэм, площадхэм, урамхэм, заводхэм, колхозхэм, соцкультурэ унэхэм. Киров щхьэкlэ цlыхухэм уэрэдхэр зэхалъхьахэщ. Поэтхэм я произведениехэм абы и цlэр щытхъуу иратхащ. Скульпторхэмрэ портретыщlхэмрэ граждании яным и сурэтыр гъащlакlэ мыкlуэдыжыну мраморым, гранитым, бронзэм къыхащlыкlащ. Композиторхэм Киров щхьэкlэ симфониехэр зэхалъхьащ.

Ленинрэ Сталинрэ я ученик пэж Киров большевистскэ партиям и пашэхэм щыщ зыуэ зэуащ. Абы и гъащlэ псорикl, и къару псорикl революциям, хуэлэжьэныгъэм, къикlуэт имыщlэу рабочэ классымрэ гуащlэрыпсэу псомрэ яхуэлэжьэныгъэм иритащ. Большевикхэм я когорта нэхъ быдэдыдэм и представитель нэхъыфlыр, подпольнэ лэжыгъэхэм я хьэлъагъ псорикl зышэчар, баррикаднэ зауэхэмрэ хьэпсэнафlэхэмрэ зэпызыщlар емызэшыжу гуащlэрыпсэухэм я организатор, пропагандист икlи агитатор хьэлэмэтт. Киров къэхъуащ цlыхухэм гукlи псэкlи ятахэу. Ар народым кlэ имылэжу фlыуэ къалъагъут. Абы къиlэтащ томскэ, владикавказскэ рабочэхэр стачкэ ящlыну, lэщэкlэ уэзэдахэу зауэ ирагъэкlуэкlыну. Езым и щхьэкlэ абы яригъэлагъут лlыхъужьыгъэмрэ хэхуагъэмрэ цlыхухэм я lуэхум щlэзэуныгъэмкlэ.

Пхуэмыгъэщlеижыну большевик Киров теплъэ хъутэкъым рабочэ классым и бий—меньшевикхэм, эсерхэм, анархистхэм, нэгъуэщlхэу буржуазием я lуэхур ихьыпащтыгъэкlыну цlыхэм. Пащтыхьыр тырахуа нэужь Сергей Миронович владикавказскэ рабочэхэмрэ Терскэ областым и гуащlэрыпсэухэмрэ я щхьэу Ленин къызэригъэлъагъуэм тету социалистическэ революциям егъэкlуэкlыныгъэм щlэзэуащ. Российщlэ хуитыр зэрытекlуэнумкlэ чэнджэщ къыхьыжтэкъым абы. Марксистскэ-Ленинскэ теориемкlэ узэдауэ, Киров lэкlуэлъакlуэу lуэхур щызэрихьэт лъэпкъылъэпкъ. Куэд зэрыс Севернэ Кавказым, lэкlуэлъакlуу икlи емызэщыжу езауэт ар контрреволюционнэ националистическэ элементхэм.

Севернэ Кавказым и гуащlэрыпсэухэм Петроград щекlуэкl Советхэм я Етlуанэрей Всероссийскэ Съездым ягъэкlуауэ, Киров активну хэлэжьыхьащ Октябрьскэ революциям, советскэ властыр ухуэныгъэм. Ар къэпсэлъащ Кавказым советскэ властыр щыухуэныгъэмкlэ бэнакlуэ хьэлэмэту зэрыщытыр къигъэлъагъуэу.

Пщылlыпlэм ирагъэувэным щхьэкlэ Россейм немецкэ дзэхэр къыщытеуэм щыгъуэ, патриот хьэлэмэт Киров Севернэ Кавказым и цlыхухэм нахуу ягуригъэlуащ германскэ империалистхэр зыщlэкъухэр. Немецкэ зэрыпхъуакlуэхэм я мурадыр ягуригъаlуэкlэрэ, Киров къущхьэдэсхэм яжыриlэт советскэ къэралым и народхэр зэкъуэтыныгъэм мыхьэнэу къикlыр, гуащlэрыпсэур зэгуигъыхьэт социалистическэ Отечествэр хъума хъуным щхьэкlэ. Севернэ Кавказым и кlуэщlкlэ советскэ властыр къэзэуныгъэр икlи ар гъэувыныгъэр товарищ Киров и цlэм епхащ.

Партиямрэ правительствэмрэ Астрахань хъумэныгъэр пщэрылъ щыхуащlым, Сергей Миронович гуащlэрыпсэухэр псорикl иугъуеящ белогвардейцхэмрэ интервентхэмрэ язэуэныгъэмкlэ. Абы яхипщащ революционнэ дисциплинэр. Краснэ Армиям и зауэкlэр нэхъыфl ищlащ, гъущlылэкlэ ипlытlащ городым къыщаlэт контрреволюционнэ мятежхэр. Астрахань и героическэ хъумэныгъэм и руководителу щытыхункlэ Киров къигъэлъэгъуащ советскэ патриотизмэ щапхъэр.

Предатель Троцкий Астрахань эвакуировать щlын хуейщ жэуэ приказ щитым щыгъуэ, Киров а приказыр имыду Ленин жыриlащ икlи, „Астрахань и кlэм нэсыхункlэ хъумэн хуейщ" жэуэ вождым къита директивэр лlыхъужьыгъэ хэлъу игъэзэщlащ. Абы иужькlэ лlыхъужьыгъэ зыхалъ патриотым жиlэу щытащ „Астраханскэ краймы зы коммунист ясыжу щытмэ, Волга псым и кlэухыр щытащ, щытщ икlи щытынщ советскэу".

Граждански зауэм щыгъуэ къарууэ иlэр ирихьэлlу, къимыгъэлалу зэрызэуам хуэду, Киров народнэ хозяйствэр зэфlэгъувэжыныгъэм елэжьащ. Илъэсиплlрэ ныкъуэкlэрэ ар Азербайджаным и (большевикхэм) я коммунистическэ партиям и Центральнэ Комитетым и секретару щытыхункlэ, Киров лэжьыгъэшхуэ зэрихьащ нефтяной промышленностыр зэфlэгъэувэжыныгъэмкlэ.

Сергей Миронович Ленинградскэ большевикхэм я руководителу щагъэувым, пlалъэ кlэщlкlэ зиновьевскэ оппозициер псынщlу пигъэджэрэзыкlащ икlи Ленинградскэ партийнэ организациехэм я зэкъуэтыныгъэр игъэбыдащ. Ленинградскэ большевикхэм я собраниехэм деж Киров къыщыпсалъэкlэрэ разоблачать ищlхэт зиновьевцхэр, партиям къемызэгъыну абыхэм зэрахьэ мыхъумыщlагъэхэр, абыхэм меньшевикыгъэр я гум зэрилъыр, дэ къэралым и кlуэщl кlэ социализмэр щыухуэныгъэр я фlэщ зэрымыхъур. Киров нахуу пlыхухэм ягуригъаlуэт ленинскэ-сталинскэ социалистическэ индустриализация планыр социализмэр ухуа хъуным, икlи Советскэ Союзыр хозяйственнэ lуэхукlэ зыми емыпхауэ щытыныгъэмрэ абы зихъумэжыныгъэмрэ щхьэкlэ мыхьэнэуэ иlэр.

С. М. Киров и руководствэм щlэткlэрэ, пlалъэ кlэщlкlэ тех никэщlэм къызэригъэлъагъуэм ипкъ иткlэ, заводыщlэхэр къызэгъэпэща хъуащ, Ленинградскэ индустриер яухуащ.

Иджы Отечественнэ зауэр щекlуэкlым деж дэтхэнэ зым дежкlи гурыlуэгъуэщ Родинэм дежкlэ мыхьэнэуэ иlам къэралым и кlуэщlкlэ индустриализация политикэр егъэкlуэкlыныгъэм СССР-м зырикl къытемыкlуэу къар ушхуэ иlэ щlыныгъэмкlэ.

Абхуэду ехъулlэныгъэ хэлъу коллективизациерикl ирагъэкlуэкlащ Ленинградскэ областым и кlуэщlкlэ С. М. Киров.

Отечественнэ зауэр щекlуэкl махуэхэм, урыс народым и къуэ ин—С. М. Киров, фашизмэм езэгъ лъэпкъ хуимылэу бэнакlуэ хьэлэмэтым советскэ цlыхухэр фронтым дежикl, тылым дежикl нэхъ рикl текlуэныгъэщlэхэм хурежэр.

Жыжьэжкъым советскэ народыр аргуэру мамыр псэукlэм щыхуэкlуэжыну махуэр. Киров и фэеплъым, а большевик хьэлэмэтым и лэжьыгъэ хьэлъэмэтым советскэ цlыхухэр хуаувэтlыщ ар щlэпсэуа икlи щlэзэуа текlуэныгъэр къэлъэща хъуныгъэмкlэ. Абы и цlар гъ... щlэкlэ яцыгъупщэнкъым.

Щапхъэфlхэр къагъэлъагъуу мэлажьэхэр

Кувинскэ районым щыщ Ворошиловкlэ зэджэ колхозым хэт М. Найманов зыбгъэдэт къалэныр фlыуэ егъэзащlэр. Ар животноводщ. Жэщкlи махуэкlи lэщхэм къакlэрыкlкъым. Езым и щхьэ lэ мэл 350 щlэхуэну чэт, шкlэ 60 щlэхуэну шкlэщ ищlащ.

Щапхъэфlхэр къагъэлъагъуу мэлажьэхэр вакlуэхэу т. т. А. Кизильбеков, М. Урчуков, А. Урчуков, З. Агба. Абыхэм махуэ къэсыхункlэ я нормэм щlырагъэгъухэу мавэхэр.

А. Аджиев.

Западнэ Европэм щекlуэкl зауэр

ЛОНДОН, ноябрым и 28-м. (ТАСС). Союзникхэм я экспедиционнэ къарухэм я верховнэ командованием и штабым къыдигъэкlа хъыбархэм жаlэр:

Германиям союзнэ дзэхэм ноябрым и 27-м Юлих—Гюртген секторым деж хуэмурэ щыкlуэтахэщ. Кослар деж зы унэ къасыхун щхьэкlэ зауэ ирагъэкlуэкlахэщ. Абы и ипщаlуэкlэ союзникхэр Альдорф и щlыпlэ заулхэм екуэтэтэлlа хэщ. Союзнэ дзэхэр Лангервей и екlуэлlапlэхэм нэсахэщ икlи а щlыпlэм и гъунэгъу лъэгапlэм бийр ирахужащ.

Францием деж союзникхэр Мец районым и къуэкlыпlа-lуэм деж миль заулкlэ щыкlуэтахэщ. Союзнэ частхэр нэсахэщ Тетерхен (Мец миль 20-кlэ и ищхъэрэ-къуэкlыпlаlуэм), Сент—Аво дыхьэхэщ икlи а районым деж мы ин дыдэ пункт заул къащтахэщ.

Саарбур и ищхъэраlуэкlэ союзникхэм Хункир, Вольфскирхен къащтахэщ. Ахэр Дурстель лъэlэсахэщ.

Страсбург и къухьэпlаlуэкlэ союзнэ частхэм бийм Муциг къыlэщlагъэкlыжащ и. Ин Эльзаскэ щlыгу захуэм тет хэурэ Мольсгейм и къуэкlыпlэм икlхэурэ наступление ирагъэкlуэкlахэщ.

Вогезскэ бгыхэм деж союзникхэм ехъулlэныгъэщlэхэр къыщалъэщахэщ, бийм и знэгъэнэныгъэ мы ин дыдэр зэпащlхэурэ.

Бельфор и ищхъэрэ-къуэкlыпlаlуэкlэ союзнэ дзэхэр ипэкlэ кlуэтахэщ.

Рона—Рейн каналым и ипшаlуэкlэ, и вэкlэ къыпхишыукlыу щыта бийм и гъэбыдапlэхэр зэхакъутащ. Зауэ гуащlэ ирагъэкlуэкlа иэужькlэ город Даннемари къащтащ икlи абы и гъунэгъу къуажэ заулыкl. Бийм и танк куэд зэтыракъутахэщ. Плен 1000 къащlащ.

Ноябрым и 28-м и жэщым бомбардировщик хьэлъэ соединение инхэр Германиям теуахэщ. Нэхъ хуабжьу теуахэщ гъущlгъуэгу центрхэу Фрейбург, Нейс икlи западнэ фронтым и пэ иту хьэщlыщ яхуэзышэ базэхэмрэ.

Бомбардировщик псынщlэ соединениехэр Берлин теуахэщ.

ЛОНДОН, ноябрым и 28-м. (ТАСС). Средиземноморской театрым зауэ щезыгъэкlуэкl союзникхэм я вооруженнэ къарухэм я штабым къыдигъэкlа хъыбархэм жаlэр, Италием деж 8-рей армиям и частхэм я позициехэм нэхъ зырагъэубгъуащ Ламоне псым деж, город Фаэнцы и ищхъэраlуэкlэ икlи ипщаlуэкlэ. 5-рей армиям и английскэ, индийскэ частхэм город Модильяни и ищхъэраlуэкlэ бгы щlыпlэ заул къащтахэщ. Ламон псым и къуэкlыпlаlуэмрэ Фаэнцы и ипщаlуэмрэ дежхэм бийм зигъэнэныгъэ къыщищlыныгъэр щигъэтащ. Фронтым и адрей участкэхэм лъэныкъуитlымкlи патрульхэр активнэу зэуахэщ.

ЛОНДОН, ноябрым и ...
(ТАСС). Союзникхэм я ...
дицонне къарухэм я ...
нэ командованием и ...
къыдигъэкlа хъыбархэ...

Венло (Голландия) и ...
раlуэкlэ союзникхэм я ...
зауэ ирагъэкlуэкlхэр ...
къухьэпlэмкlэ къэнэжа ...
гъэкъуэн бийм иlыгъы...
lэщlагъэкlыжыну ...

Юлих и ипщаlуэкlэ ...
викхэм къащтащ лъэга...
Барман къуажэм те...
Кеслар деж зауэ щокl...
Мерценгаузен, Кирберг ...
къыlэщlагъэкlыжащ. А...
улкlэ и ипщаlуэ...
частхэм зауэ щырагъэ...
хэр германскэ город...
Инден, Лангервее, Ю...
дорф, Гюртген, Ламме...
Саарскэ аузым деж ...
дзэхэм зауэныгъэм ...
гъэубгъуащ икlи гор...
уликl къащтахэщ. С...
хэр нэсахэщ Виллинге...
рус (Саарлаутерн и ищ...
хьэпlаlуэщ).

Сент-Аво (Эльзас) ...
деж ехъулlэныгъэ къ...
щахэщ, союзникхэр Об...
бург зыдыlэкlахэм, Бр...
ковэ частхэр Фальсб...
Дифенбах нэсахэщ, со...
хотэр Гинсингем лъэны...
кlэ ипэкlэ кlуэтахэщ ...
ипщаlуэкlэ союзникхэм ...
нет иковэ частхэм къэ...
мылэу хуит къащlыжа...
фокирхен союзникхэм ...
гъуэпl частхэр Бурб...
щыlэхэщ.

Северо-Эльзаскэ ...
хуэм деж союзнэ дз...
генау и къухьэпlаlуэк...
пэжыжьэжхэр мили ...
гъуэщl союзнэ част...
ступление кlуахэщ В...
бгыхэм икlхэри Мольс...
ипщаlуэкlэ, Бельфор...
кlыпlэм и районым ...
юзнэ дзэхэр Доллер ...
ипщаlуэкlэ ипэкlэ ...
кlуэта нэужькlэ зэх...
хэщ икlи Бельфорр...
рэ я зэхуакухэм ...
ища бийр къыпаупщ...

Ноябрым и 28-м ...
хьэщхьэм хэкlуэтауэ ...
дировщик псынщlэх...
хэщ Нюрнберг и про...
нэ центрхэм.

ЛОНДОН, ноябрым ...
(ТАСС). Средиземно...
театрым зауэ щез...
союзникхэм я воо...
къарухэм я штаб...
гъэкlа хъыбархэм ...
8-рей армиям и част...
мон, Монтон псыхэм ...
кухэм деж ищхъэр...
тэхэурэ, Альберт ...
деж бийм и зигъ...
гуащlэм lуцlахэщ...
миям и английскэ ...
частхэр ...
бгы щlыпlэхэм ...
ляпи и къухьэпlаlуэ...

5-рей армиям ...
скэ частхэм бийм ...
атака ...
гъэзахэщ. Фронтым ...
участкэхэм лъэны...
кlи активнэу патру...
зэуахэщ.

ВУ 24176   Редакцием и адресыр: г. Черкесск, Дом Советов, комната № 55   Черкесскэ областым и государственнэ типографие   Отвст. редактор М. С...